

Pratik jeton nan lekòl nan peyi d Ayiti.

Fot Wobo

Jen 2021

Rezime

Diskriminasyon lengwistik se youn nan pi gwo mal k ap wonje sosyete a nan tout rakwen li. Rapò sila a prezante rezulta yon ankèt ki te fèt an liy nan yon fòmilè Google sou diskriminasyon anndan lekòl nan peyi a. Rapò sa a prezante temwayaj elèv osnon ansyen elèv lekòl kongreganis, piblik osnon layik. Temwayaj sa yo demontre nivo vyolans sikolojik ak fizik elèv yo sibi anndan sal klas yo. Vyolans sa yo kite mak sou tout aspè nan lavi yo menm apre yo fini lekòl. Viktim yo te pwopoze divès solisyon tou.

Mo kle : *Diskriminasyon, Esklizyon, Pinisyon, Jeton, Vyolans.*

1. Entwodiksyon


Diskriminasyon lengwistik anndan yon sosyete se yon fenomèn kote yo trete yon lang kòm ki dirè li ta enferyè devan youn ou plizyè lòt. Diskriminasyon sa a mete baryè devan popilasyon sa a ki pa pale lang sa yo ki parèt kòm si yo ta siperyè devan lang manman popilasyon an. Diskriminasyon sa a se yon kokenn chenn baryè ki bloke fonksyonman ak pwogrè peyi a paske pifò popilasyon an pa konprann e pa pale lang sa a (fransè) ke otorite yo enpoze sou mas popilasyon an kòm « lang achte » k ap mete baboukèt sou « lang rasin » lan (kreyòl).

Youn nan espas kote fleyo sa a fè pi plis viktim se anndan kèk lekòl ki kwape itilizasyon lang kreyòl la. Nan lekòl sa yo, se fransè ti moun yo dwe pale si yo pa vle pran pinisyon sa yo ki rele « senbòl » osnon « jeton ». Elèv ki kenbe jeton an rive nan fen jounen an ap pran pinisyon, ki konn ale jiska vyolans fizik. Fot Wobo te tanmen yon ankèt sou rezo sosyal yo sou pratik senbòl oswa jeton nan lekòl yo. Ankèt la te kòmanse nan dat 16 desanm 2020 pou l al bout nan dat ki te 15 janvye 2021 an. Se de san swasann douz (272) moun ki te patisipe nan ankèt la. Objektif la se te eseye mezire enpak diskriminasyon lengwistik sou elèv yo. Rapò sila a se pou prezante rezulta yo. Nou pa pretann nou rive etidye pwoblèm nan nan tout konpleksite l (echantyon an pa ase gran e li pa ase varye pou sa, epi kesyonè a pa gen ase kesyon pou sa non plis). Men, rapò sa a se yon envitasyon pou n reflechi ansanm sou diskriminasyon kont lang kreyòl la — yon diskriminasyon ki pa konpatib ak ni edikasyon, ni jistis, ni dwa moun.

2. Rezulta

1 - San katreven (180) moun avwe lekòl kote yo te pase yo te konn itilize senbòl pou pini yo. Katreven douz (92) pa te viv bagay kon sa. Nou resevwa lòt temwayaj sou ti moun ki pa t viv pinisyon sa yo, men, otorite enstitusyon yo senpman pa t vle yo pale lang manman yo nan lekòl la.


- Kesyon 1 : Èske lekòl fondamantal ou (te) pase a (te) konn itilize « senbòl » tou pou pini ti moun ki pale kreyòl ?



Graf # 1 - Lekòl 66,2% moun yo te konn itilize senbòl.

2 - 84.2% nan viktim yo te viv pratik senbòl sa a nan 20 dènye ane yo (31.1% nan 10 dènye ane yo).


- Kesyon 2 : Ki tranch dènye ane ou viv pratik senbòl la ?



Graf # 2 - Repatisyon viktim yo sou 3 dènye deseni yo.

3 - Daprè sondaj la, majorite (97) moun te viktim pratik senbòl la rive 9èm ane fondamantal oubyen nan klas ki pi wo nivo.


➤ Keson 3 : Jiska ki klas yo te konn itilize senbòl lekòl ou a ?



Graf # 3 - Distribisyon itilizasyon senbòl la sòti 4èm rive 9èm ane fondamantal.

4 - Majorite (100) moun di se nan lekòl kongreganis yo te ye. Elèv leta yo mwens viktim diskriminasyon sa a (15). Fòk nou note moun te ka fè plizyè chwa sou kesyon sa a, sa lakoz gen moun ki chwazi an menm tan « Lekòl kongreganis » ak « Lekòl krisyanis prive ».


➤ Keson 4 : Nan ki lekòl ou te viv praktik sa a ? (Si repons ou pa nan sa yo, klike sou « other/autre » epi klike sou trè a pou w ajoute !).



Graf # 4 - Varyasyon pratik senbòl la ak tip lekòl yo.

5 – Daprè rezulta ankèt la, twa (3) pinisyon ki prime apre vyolans sikolojik ki fèt sou mantal tout ti moun yo, se fè yo ekri liy, ba yo etidye fab epi bat yo. Nan menm rezulta kesyon sa a, gen senk (5) ti moun ki avwe lekòl yo te konn fè yo rete pou netwaye klas la apre kou yo fini.

- Kesyon 5 : Ki pinisyon yo te konn bay ti moun ki te gen « senbòl » la ret nan men yo ? Si repons ou pa nan sa yo, klike sou « other » oswa « autre » epi klike sou trè a pou w ajoute l).



Graf # 5 - Divès pinisyon ki mache ak pratik senbòl la nan lekòl yo.

6- Dènye pati sondaj la di anpil bagay : se temwayaj senkant senk (55) moun ki te viktim senbòl la e ki di sa yo panse de li. Nou konsidere temwayaj sa yo kòm rèl pèp ayisyen an.

- Kesyon 6 : Si w kapab, tanpri pataje ak nou nenpòt lòt enfòmasyon sou esperyans ou nan lekòl konsènan nenpòt brimad ou te pran akoz lang kreyòl la epi esplike nou ki konsekans sa te ka genyen sou lavi w ak sou sosyete a. Si w gen tan pou sa, ou ka di nou ki solisyon ou ta sijere pou n rezoud pwoblèm sa a

Nan premye gwooup sila nou jwenn temwayaj moun ki te gen difikilte nan aprantisaj nan klas yo akòz pratik senbòl la. An n gade **temwayaj 3** a ; « Sa fè m pè pale nan klas la epi tou m pa bay opinyon m ». Kalite deklarasyon sa yo montre senbòl la se yon antrav nan pwosesis pedagojik elèv yo nan lekòl la. Yon zouti kon sa anchennen laplipa elèv yo e li kokobe yo piske li anpeche yo aprann ak reflechi nan lang sa a yo pi alèz ladan l.

- **Temwayaj 1** : « Mwen raple m ke m te konn toujou ap alète sèvo m paske se fransè ki te dwe pale lekòl mwen, jis pou m pa gen jeton dòmi nan men m. Sa te vin lakòz mwen pa t alèz pou m panse e pale lib nan lang matènèl lè m lekòl. Jis kounye a fakilte mwen fè pati a entèdi kreyòl nan tout sal pandan gen kou. Elas ! »
- **Temwayaj 3** : « Sa fè m pè pale nan klas la, epi tou m pa bay opinyon m. »
- **Temwayaj 10** : « Kesyon jeton te konn anpeche m eksprime m nan lekòl la. Pou rezoud pwoblèm sa a, fòk yo rive fè moun yo konprann ke lang lan se yon zouti pou moun kominike, pataje sa l santi ak lòt moun. »
- **Temwayaj 13** : « Youn nan gwo konsekans koze lang nan genyen sou elèv yo : pafwa ou pè pale nan klas la, ou rete bèbè paske w pa konn pale fransè a vre. »
- **Temwayaj 15** : « Nou pa t ka eksprime nou byen. Ti moun te konn ri lòt lè yo fòse pale fransè paske yo toujou ap fè fot. Sa te afekte estim anpil ti moun. Yon lòt bagay m wè ki vin fèt se moun ki te nan lekòl mwen ka li ak ekri fransè, men, yo pa vrèman pale l ni konprann li. Yo pale kreyòl, men, yo pa ka bon jan ekri l. Ki donk, yo pa « master » okenn nan lang yo. Gen anpil konfizyon tou nan sa n ap etidye. Solisyon an se kite ti moun yo aprann nan lang yo epi ede yo pou yo byen pale l. Pou yo pale l san fot. »
- **Temwayaj 22** : « Kòm mwen te piti mwen te santi mwen diferan de lòt elèv yo. Sa vle di mwen te panse mwen pa t gen menm nivo ak yo. Sa te mete m nan yon pwoblèm paske mwen te toujou ap chache pale yon lang mwen pa t konn pale e rejte yon lòt mwen te pale. Kòm rezulta, mwen pa rive pale fransè e mwen pa rive ekri kreyòl. Sa ki amelyore kounye a lè mwen vin valorize lang mwen. (P.S. : Anpil fwa, moun k ap fòse ti moun yo pale fransè a pa menm konn pale fransè.. Solisyon pwoblèm sa a konplike anpil paske se

yon pwoblèm nou ta dwe travay sou li depi nan nivo ki pi ba yo. Se jwenn yon mwayen pou nou valorize lang kreyòl ak kilti kreyòl depi nan klas yo rele kindègadenn nan, pandan n ap montre ti moun yo chante an kreyòl, aprann alfabè kreyòl e latrìye.) »

- **Temwayaj 27** : « Sa eskli moun, epi l fè moun pa ka pale ni poze kesyon. Nan lide pou l pa fè fot nan franse a paske se li ki obligatwa. Sa konn fè li rete ak tout kesyon li san l pa konpran sa k t ap fèt la. »
- **Temwayaj 32** : « Sa te vin koz ke lè pwofesè yo fin travay, ou pè poze kesyon, paske ou pè pou pa di yon bagay an fransè epi pou lòt kamarad ou yo pa ri w. »
- **Temwayaj 34** : « Yo te konn fè n etidye. Nou te konn pè pale nan klas la paske depi n pale y ap ba n senbòl. »
- **Temwayaj 35** : « Eksperyans sa a te konn pèmèt mwen wè nan ki fason leta peyi nou an pa t janm t ap panse edikasyon, yo te ka t ap panse tout bagay, sof edikasyon. Dèfwa, nan sousi pou senbòl pa ret nan men nou, nou te konn blije ap pale fransè mawon. Epi pratik sa a tou te konn redui sou valè bagay pou n ta fè nan klas yo, koz, menm antre nou dèfwa, gen enkonpreyansyon epi sa difisil pou nou eksprime lide nou pi byen. Kòm solisyon, mwen ta swete leta fè yon ti pase men nan sistèm edikatif ayisyen an, epi fè ansèyman yo nan lang tout ti moun konprann, pale epi ekri pi byen an. Epi fè yon fason pou pa gen baryè lengwistik, pou tout moun ka eksprime lide yo pi byen nan lang yo maton an. (Tout aprantisaj dwe kòmanse apati de sa w konnen an pou abouti ak sa w bezwen konnen ou po ko konnen an. Sou pwen sa a, m ap pran pozisyon pou m di, nan klas pi ba yo, ansèyman yo ta sipoze fèt an kreyòl.) »
- **Temwayaj 46** : « Brimad m te konn pran pou lang kreyòl la se ke m pa te vle konn pale, lè pwofesè yo ap travay, nan mande esplikasyon, poze kesyon, di m pa konprann. Konsekans sa kite pou mwen, m pa ka fè yon tan long ap pale fransè ak moun, m pa ka ekri byen, m toujou ap fe fòt. Sijesyon m ta pote se pou ti moun ki nan primè yo, pou pwofesè yo kite yo pale nan lang yo kapab pi byen pale a, pa sipoze gen diskriminasyon nan lang ann Ayiti. »
- **Temwayaj 50** : « Sa te fè anpil enpak sou mwen paske mwen te twouve m plis alèz pou mwen pale kreyòl la.

Dezyèm gwoup temwayaj sa a rasanble pawòl moun ki te sibi move tretman osnon yon fòm vyolans kèlkong akòz pinisyon senbòl la nan lekòl kote yo te ye. An plis de yon chenn pedagojik, pinisyon senbòl pou entèdi elèv yo pale kreyòl nan lekòl yo se yon zouti diskriminasyon ki menm kite move souvni lespri elèv yo. Pami temwayaj yo, nou relve plizyè tip vyolans lekòl yo fè sou elèv yo, tankou vyolans sikolojik, vyolans vèbal, vyolans fizik. Gen pwofesè ki bat elèv yo ak rigwaz oswa menase yo ak sizo jan **Temwayaj 42** a ak **55** lan dekri sa.

- [Temwayaj 2](#): « Lè mwen al nan direksyon, li konn difisil pou mwen esplike pwoblèm mwen bay direktè a paske sa te dwe fèt an franse. Lè kon sa si se nan diskisyon mwen te ye ak yon lòt ti moun ki pale franse byen, yo toujou tande li epi ba li rezon menm lè se li ki an tò. Mwen sijere ke lekòl yo kite ti moun yo pale tou lè de (2) lang yo. Y ap kite yo chwazi sa yo vle. Si yo anvi ti moun yo pale franse, yo va bati yon orè pou yo anseye ti moun yo franse epi ede yo fè pratik nan tan sa a pandan semèn nan. »
- [Temwayaj 20](#): « Pwofesè yo, mè yo ak tout lòt elèv te konn fè prejidis ou, yo konn demoralize w ak vye pawòl, yo konn di w p ap anyen nan lavi, yo konn rele w 'machann', 'Madan Sara'. »
- [Temwayaj 21](#): « Mwen gen yon mak sou po m, yon kout rigwaz yo te ban m lekòl. »
- [Temwayaj 24](#) : « M wè se te movèz fwa. Se paske yo pa te respekte lang matènel nou an ki fè mwen te konn pase mizè. E mwen regrèt lekol sa a. »
- [Temwayaj 28](#) : « Mwen pa t konn viktim souvan, men, gen yon fwa, m te pale kreyòl, yo te remèt mwen jeton an, li te dòmi nan men m, yo te fè m ekri 500 liy : « Tu parles créole, je te donne le jeton. » Solisyon m ap sigjere se fè ti moun k ap grandi yo aprann lang kreyòl se idantite yo, tout nasyon diferansye nan lang yo ki fè pati kilti yo. Koze koulè pa idantife nasyonalite pèsonn, men, se pito lang lan. »
- [Temwayaj 29](#) : « Pwòp elèv parèy mwen konn bat mwen paske mwen te konn pale fransè malgre yo te konn pran jeton pou kreyòl. »

- [Temwayaj 40](#) : « Mwen sonje lè m te nan 8èm ane, paske m te pale kreyòl, yo te fè m rete lekòl la jiska 6 è nan apre midi yon vandredi. E lekòl la te tèmine a 2 è. Jis imajine jan m grangou. Se te pi gwo mal yo te fè m. »
- [Temwayaj 42](#) : « Mwen sonje, lè m te nan 4èm ane fondamantal, pwofesè a te bat mwen ak yon rigwaz paske m te pale kreyòl. Men, m te tou jete rigwaz la aprè epi m te mennen paran m lekòl la. »
- [Temwayaj 47](#) : « Lè tout moun deside pale « franse » depi nan premye kou a, monitè klas la pa ka distribye senbòl la. Alò sansè a deside bay nenpòt ki moun li nan maten, yon jan pou l sikile kanmenm paske l te panse nou fè magouy. »
- [Temwayaj 52](#) : « Yo te konn fè moun rete byen ta etidye paj diksyon kay pè a !! Brèf, se sistèm edikatif la pou n batay pou fè yon refòm ladan l : fransè ak anglè, panyòl ap rete lang vivant pou aprann, men, yo dwe anseye an kreyòl ! »
- [Temwayaj 55](#) : « Mwen sonje direktris la te konn ba nou presyon ak yon sizo. Li te konn di l ap koupe lang nou. Mwen menm, se jeton yo te konn bay. Depi mwen gen plis ke 10 jeton, yo bat mwen. »
- [Temwayaj 4](#) : « Senbòl la gentan gen yon gwo chaj emosyonèl paske sa vle di ou enkapab pale oubyen ou dezobeyisan. Men, nou te gen espas pou nou pale kreyòl tou, sitou lè y ap fè kou kreyòl osnon lè nou sou lakou a. Li entèdi apre sa. Yo pa t konn bat mwen. Men, si yon senbòl rete nan men menm moun nan pandan yon semèn, madam la ap bat moun sa a. »

De (2) temwayaj sa yo reprezante yon kategori elèv ki di kon sa, yo menm, yo pa t soufri anba pratik jeton an. O kontrè, gen youn ki afiche rekonesans li pou sistèm sa a ki, dapre li, te prepare l pou mond pwofesyonèl la. Rezònman sila montre ki jan sosyete nou an, atravè zouti jeton an, chita sou yon sistèm ejemoni fransè andedan lekòl yo. Reyalite sosyal ak ekonomik nou an fòse pwofesyonèl nou yo valorize fransè a paske sila ki maton nan lang ansyen kolon yo vin jwenn avantaj sou sa ki pa rive pale franse. Kon sa, nan lekòl yo, kreyòl la gen imaj lang kreten an epi, nan monn pwofesyonèl la, li asosye ak pwofesyonèl ki pa kalifye.

- [Temwayaj 5](#) : « Nòmalman, m te renmen koze pale fransè a paske m te panse se yon bon bagay. M pa t janm sibi pinisyon senbòl la, men, kanmarad mwen yo te konn viv pinisyon sa a. Lekòl la fini a 2 è, moun senbòl la rete nan men l lan dwe tann 3è epi kopye liy. Chak pwofesè te itilize metòd pinisyon pa l, men, yo pa t janm bat elèv pou sa. Koze sa a rann elèv konplekse pa rapò ak lòt ki pa ka swadizan eksprime tèt yo paske yo pa pale fransè. Yon pwomosyon pou lang kreyòl la, zouti didaktik ak pedagojik an kreyòl se kèk nan mwayen ki ka ede nan rezoud pwoblèm nan daprè mwen. »
- [Temwayaj 51](#) : « Pou m klè avèk nou, sa pa t twò deranje m. O kontrè, yo te pi byen prepare m pou m fè fas ak ipokrizi ki gen nan zafè lang nan peyi a sitou nan mond pwofesyonèl la. Gras ak pinisyon sa yo, m te rive gen yon bon nivo fransè ki ouvè on pakèt pòt pou mwen. M panse, si nou vle rezoud pwoblèm pinisyon lekòl yo, fòk nou ta panse, avan tou, a valorize lang kreyòl la nan mond pwofesyonèl la. Kon sa, lekòl yo p ap nan sitiyasyon pou kontrenn nou pale fransè e ansèyman an ap fèt pi byen nan lang manman nou an. »

Gen nan elèv yo, malgre yo fin sibi anba jeton an, yo pa t rejte lang manman yo e yo menm montre fyète yo pou kreyòl la. Rezistans sa a elèv sa yo demontre fas a fòm diskriminasyon sa a trè remakab. Gen lòt tou, se kèk tan apre yo vin konprann koze senbòl la se te kreyòl la li t ap devalorize.

- [Temwayaj 7](#) : « Yo te konn mete nou a jenou. M pa t janm kite sa afekte m vrèman paske m konnen kreyòl se lang mwen l ye. Sa fè m vin pi apresye lang mwen ak kote m soti. »
- [Temwayaj 17](#) : « M te santi se yon enstriman pami tout lòt yo pou fè m renye pwòp tèt mwen, yon atent a libète m e ak idantite m. Mwen ak lòt kamarad te menm tante kreye yon lòt lang jis pou n pa pale franse a. Solisyon ki posib se mete sou pye lekòl ki konfòm ak valè ak idantite nou olye de lekòl pèpè pretansye yo. Ke moun k ap rele tèt yo entelektyèl yo kòmanse ekri liv an kreyòl pou sa k ap vin dèyè. »
- [Temwayaj 8](#) : « M po t ko vrèman gen konesans pou m konprann lojik senbòl la. M te wè ke lekòl m te ye a te vle aprann mwen pale fransè. Men, m pa t janm rann mwen kont ke yo t ap devalorize lang kreyòl nou an. »
- [Temwayaj 18](#) : « Nan tèt pa m, kreyòl la pa t on lang. Depi mwen te vle montre mwen siperyè pa rapò ak lòt moun mwen pale lòt lang tankou franse, paske mwen te kategorize moun ki pale kreyòl tankou moun ki pa fòme. Se byen ta mwen vin konprann valè lang manman m ak papa m. Mwen pwopoze yo fè bon kou kreyòl nan lekòl yo. Epi pou liv istwa peyi a ekri an kreyòl. Li t ap enteresan si ti moun yo gen posibilité poze kesyon epi eksplike sa yo konprann nan on bagay yo te etidye nan lang sa a, san yo pa neglige aprann lòt lang yo tankou angle ak panyòl. »

Ansanm temwayaj nou jwenn la yo montre diskrimasyon kreyòl la ap sibi nan sosyete a, men tou, nou jwenn deklarasyon ki montre atachman patisipan yo genyen pou lang manman yo. Epi tou plizyè nan yo espere yon chanjman radikal nan sa ki gen pou wè ak politik lengwistik nan peyi a, kòmanse nan lekòl yo.

- [Temwayaj 12](#) : « Sa te fè zanmi m yo panse se sèlman moun sa yo ki pale franse ki moun tout bon. Moun sa yo ki pale kreyòl sèlman, yo pa moun. Sa konn rive jis nan imilye paran yo. »
- [Temwayaj 14](#) : « Pou mwen menm, solisyon an se anseye an kreyòl. »
- [Temwayaj 16](#): « Yo te konn veye lè n ap pale pou yo tandé ki lang n ap pale, nou ri fò, yo di n ri an fransè pou n ka pi « klas ». Yo te konn di n tou lang kreyòl p ap mennen n ankenn kote. Lè kon sa nou vin gen tandans meprize machann yo, paran n e latrìye — moun sa yo ki plis pale kreyòl. Sa te fè se lè m fin lekòl m ap aprann ouvè kò m vre nan kreyòl pou m resi wè li pa gen anyen ki lèd vre. »
- [Temwayaj 19](#): « M pa vrèman sonje pinisyon m te konn pran pou sa pèsonèlman. Mwen ka di nou, nan konsekans sa ka genyen, li ka fè ti moun nan doute de tèt li, de sa l konen. Sa ap rive fè l manke fyè de kiyès li ye, paske l ap fini pa santi kreyòl la makonnen avè l, avèk peyi l pandan yo te konn entèdi l pale l. »
- [Temwayaj 23](#) : « M pa gen lòt enfòmasyon. Men, m ta renmen yo fini ak sila epi fè kreyòl lang aprantisaj pou Ayisyen. »
- [Temwayaj 25](#) : « An reyalite, lang kreyòl te toujou gen mwens valè nan anpil moun nan sosyete a. Pa egzanp, lè mwen t ap fè 7èm ane, lekòl la pa t chwazi ba nou kou kreyòl. An plis de sa, yo toujou konsidere pwofesè kreyòl yo tankou moun ki pa gen nivo. »
- [Temwayaj 26](#) : « Bay lang manman nou ki se kreyòl plis enpòtans pandan n ap eradike obligasyon pale franse nan etablisman eskolè yo. »
- [Temwayaj 33](#): « Ti moun nan pa ka manje. Se yon pèn. Li pa gen aksè ak sante epi ak sekirite. Li pa ka divèti l. Tout se pèn. Apre, pou l fòse panse

an kreyòl epi tradui l an fransè apre pou l ka eksprime tèt li. Ti moun nan p ap ka reteni ak ni reflechi sou anyen tou. M wè twòp vyolans. »

- [Temwayaj 36](#) : « Demokratize Ledikasyon »
- [Temwayaj 37](#) : « Avan nou ale pi lwen, mwen felisite nou pou travay nou an. Mwen pa yon moun ki ekstremis nan fason mwen panse, sa vle di mwen pa polarize anyen. Mwen kont lide Ayisyen pa ka resevwa edikasyon an kreyòl e yonn nan fason pou rabase nou se koze senbòl n ap pale la a menm. Men, mwen ta swete nou soutni lide ke Emile Roumer, yon entelektyèl Ayisyen ki tap konbat pou edikasyon te fèt nan lang kreyòl, te di: 'Li enpòtan pou tout ayisen metrize yon lang etranjè apre kreyòl, lang sa kapab fransè, anglè, oubyen panyòl'. Rezon an se paske lang se yon zouti komunikasyon e plis ou ka pale yon lang anpil moun pale, plis sa ede w genyen aksè a plis enfòmasyon e ou ka gen bon relasyon ak plis moun. »
- [Temwayaj 38](#) : « Enpoze ti moun yo pou yo pale fransè a vin bay yon laperèz kay ti moun yo pou yo eksprime yo e nan kreyòl la e nan fransè a. Ki donk gen kèk bagay yo ta ka mye konprann, men, malerezman... »
- [Temwayaj 39](#) : « Entegre lang kreyòl la plis nan lekòl yo, liv an kreyòl ki pale vre istwa nou (pa sa fransè yo ekri ban nou yo), kou an kreyòl. »
- [Temwayaj 41](#) : « Pa enpoze ti moun yon lang. »
- [Temwayaj 43](#) : « Fraz 'exprimez-vous' a kòm si, lè w pale kreyòl, ou pa eksprime w, se depi nan fòmasyon pwofesè yo pou yo retire sa nan yo. Si n ap pati sou sans mo 'eksprime' a ki vle di 'pale', sa w bezwen an aklè pou yo ka konprann ou. Nou ka di Ayisyen an pi ka eksprime l an kreyòl ke nan nenpòt lòt lang. »
- [Temwayaj 44](#) : « Se san m pou m ta pran pou m pale de sa, paske yo twòp. »
- [Temwayaj 45](#) : « Lè m te lekòl (primè kay mè, segondè kay frè), depi m al nan direksyon an, se kreyòl m pale, yo pa okipe m. Oubyen yo di m 'exprime-toi, jeune homme !'. Youn nan pwoblèm sa te kreye pou mwen ak lòt kamarad mwen yo, sa te rann nou antre nan kokiy nou, nou strese lè nou pral nan direksyon an oubyen pou n pran lapawòl nan sal klas la. Paske

fòk nou te eksprime nou nan yon lang nou pa konnen. An plis lè nou fè fot ladan, se te yon siplis. M pa ka di tras sa yo rete, paske kounye a mwen emansipe. Men, lè m te lekòl, sa te yon gwo chay sikolojik pou mwen ki te anpeche epanouyisman m. »

- [Temwayaj 49](#) : « Li te parèt dwòl pou y ap ba w pinisyon pou pale kreyòl. Gen de lè, nan pwomosyon m nan, nou te konn ap pale laten tankou ‘parete jocari’ pou fè konprann nou pa t ap pale kreyòl... M panse pwoblèm sa ta dwe rezoud, men, se depi nan baz la ak akademi, peyi a gen de lang, fòk yo tout egal. »
- [Temwayaj 53](#) : « Senbòl lan se te plis pou pale kreyòl. »
- [Temwayaj 54](#) : « Lè mwen te lekòl, yo te konn anpeche nou pale kreyòl. Se pou nou toujou ap pale fransè menm lè fraz yo pa bon, li vin kòz ke nou bay fransè plis enpòtans ke kreyòl nan sosyete a. Nou vin pa byen pale kreyòl ni byen ekri l alòs ke se lang manman nou. Depi yon moun pa konn pale fransè, nou vin panse moun sa a pa edike ni pa konn anyen, nou konn menm rabese moun sa a. Fòk yo ta fè sansibilizasyon sou sa nan lekòl yo pou nou chanje fason nou panse de kreyòl la, e bay kou kreyòl yo plis enpòtans. »
- [Temwayaj 11](#) : « Sa te fè m konprann lang manman mwen pa gen valè. Si m pa ka pale franse byen, sosyete ap desann mwen... M sigjere pou sa sispann koz kreyòl la fè pati kilti nou san sa pa anpeche pratik lang franse. »
- [Temwayaj 6](#) : « Gen yon epòk, pale kreyòl la se te yon gwo defi pou mwen. Mwen te konn ekri kreyòl la byen a tout egzijans sa mande, men, pale korèkteman an, non. M te vin wè kreyòl la tankou yon lang ki pa enpòtan paske yo te konn fè m kwè sa nan lekòl la. »

➤ Konklizyon

Ankèt sa a ede nou gen yon pi bon lide sou nivo presyon ki fèt sou ti moun yo nan lekòl kote yo anpeche yo esprime yo nan lang yo kapab esprime yo pi alèz. Presyon sa a fèt ak divès kalte kontrent : divès kalte vyolans sikolojik (vyolans vèbal ladan tou) ak vyolans fizik tou. Abi sa yo, ki majoritèman preznan lekòl kongreganis yo, gen konsekans sou aprantisay, jan anpil moun temwaye sa : yo pa poze kesyon nan klas, yo tou ret ak enkonpreyansyon yo. Jan ti moun nan antre lekòl la ak jan l'sòti a pa gen twòp diferans sou baz sa li aprann. Lakin sa yo konn vin monte youn sou lòt pandan tout pakou eskolè elèv la e yo konn menm suiv elèv yo ann aprè.

Nan kèk ka tou, yon konplèks sibòdinasyon konn devlope nan lespri ti moun yo ki rive kwè kilti yo enferyè devan yon lòt. Ti moun sa yo vin tounen gran moun ki fristre, ki pase tout egzistans yo nan tèt yon lòt moun, nan po yon lòt moun — brèf, moun sa yo pa vrèman lib.

Rapò a gen limit li. Li pa pèmèt nou ale pi lwen pase repons ak temwayaj ki nan rapò a. Nou espere kanmenm li ka sèvi kòm yon zouti sansibilizasyon an plis pou n rive kaba disriminasyon lengwistik anndan lekòl yo. Sa nesesè pou n kreye fondasyon pou bon jan edikasyon.

➤ Remèsiman

Nou remèsyé chak moun ki te patisipe nan ankèt sila a yon fason oubyen yon lòt. Nou remèsyé tout moun ki te pataje temwayaj yo ak nou, moun ki te ekri n espesyalman pou sa. Nou remèsyé tou moun ki te ede n pataje atik la pou plis moun patisipe. Nou remèsyé Pwofesè Michel DeGraff pou konsèy li yo.

Tchenbe lang a nou !

Platfòm Korije Fot Wobo

Imel : fotwobo@gmail.com

Telefòn : +(509)40904672

Facebook : Korije Fot-Wobo

Twitter : @FotWobo